



Pou Piblikasyon Imedya: 22/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN SAN PRESEDAN POU REKONEKTE  
KOMINOTE ATRAVÈ ETA NEW YORK NAN KAD PLAN KAPITAL ETA YO  
PWOPOZE A**

*Pwojè nan Expressway Kensington lan nan Buffalo, Inner Loop nan Rochester, I-81 nan Syracuse, Pwojè pwen aksè nan Hunts Point, ak Expressway Cross Bronx la reprezante opòtinite ki rive yon sèl fwa nan yon jenerasyon pou reyini kominote yo ak sa ki bon ak sa ki pa bon nan lefase*

*Depatman Transpò Eta a kòmanse pwosesis yo egzije nan nivo federal sou Expressway Kensington la; Ap evalye altènatif pou restore Parkway Istoriq Humboldt la epi egzamine opsyon pou rekonekte katye ki divize pa konstriksyon Kensington yo*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Plan Kapital 32.8 milya dola Eta a yo pwopoze a ki enkli apeprè 3 milya dola pou pwojè enfrastrikti ki fè pwomosyon ekite, konektivite ak opòtinite transpò milti-modal pou kominote atravè Eta New York yo. Investisman san presedan epi ki sible sa yo, ke Gouvènè a te souliyen nan diskou sou Bidjè Egzekitif resan li an, reprezante yon opòtinite jenerasyonèl pou reyini katye yo, fè pwomosyon kwasans ekonomik epi revitalize anpil nan sant iben ki pi enpòtan New York yo.

Gouvènè a te mete aksan sou investisman sa yo nan Buffalo maten an nan yon evènman toupre Expressway Kensington lan, konstriksyon kote yo retire Parkway Humboldt istorik ke Olmsted te konsevwa a epi ki divize katye ki ozalantou yo ak konstriksyon yon ekspresway anba tè.

"Lè nou rekonekte katye ki te koupe pa otowout asfalt yo, sa se yon fondman nan vizyon enfrastrikti odasye nou an pou yon pi bon New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pi bon enfrastrikti vle di pi bon kalite lavi, epi kominote ki ozalantou Expressway Kensington nan Buffalo ak atravè eta nou an pa perite mwens pase sa. Pwojè sa yo ap ede repare tò nan tan pase yo atravè rezo transpò ki pi sekirize epi ki pi fyab, peyizaj ki desine pou reyini kominote yo ansanm, ak wout ki pi fasil pou pyeton ak moun k ap monte bisiklèt yo."

Nan kad anons jodi a nan Buffalo, Gouvènè Hochul te anonse tou ke Depatman Transpò Eta a ap kòmanse yon verifikasyon anviwòmantal pou evalye lòt opsyon pou rekonekte epi repare katye lès-lwès yo nan Vil Buffalo ki te divize pa konstriksyon

Expressway Kensington lan plis pase sis deseni de sa. Verifikasyon yo egzije sou plan federal la ap egzamine enpak anviwòmantal, kominotè, ekonomik ak lòt enpak ki asosye ak yon kouvèti pasyèl oswa konplè Expressway aktyèl la, ak objektif pou reyalize yon altènativ ki preferab. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a ap travay nan fason ki agresif ak Administrasyon Otowout Federal la (Federal Highway Administration) pou rasyonnalize pwosesis verifikasyon anviwòmantal la. Nan kad angajman eta a pou transparans epi pou angaje kominote a, pwosesis investigasyon piblik la ap kòmanse nan sezon prentan sa ak yon rapò investigasyon preliminè k ap konplete nan fen sezon ete sa.

Expressway Kensington lan ki te konstui pandan ane 1950 ak 1960 yo, te ranplase sa ki te yon gran boulva twa vwa - Parkway istorik Humboldt la te desinen pa Frederick Law Olmsted - ak yon otowout anba tè ki te koupe koneksyon ant katye ki ozanviwon yo. Boulva orijinal la ki konekte Pak Humboldt la (kounye a Pak Martin Luther King, Jr) ak Pak Delaware la.

Verifikasyon an, ki avanse pa Depatman Transpò a, ap evalye opòtinite pou kreye nouvo espas piblik ouvè, amelyore sekirite bisiklèt ak pyeton, epi diminye enpak negatif aktyèl bui ak polisyon lè yo. Pwosesis verifikasyon an ap evalye amelyorasyon nan wout lokal yo tou pou fasilite operasyon veyikil yo nan tout sekirite nan katye ki rekonekte yo. Limit pwojè yo genyen ladan yo limit lès East Ferry Street ak limit lwès nan Best Street. Expressway la pote apeprè 80,000 machin pa jou.

Depatman Transpò a angaje pou travay nan kolaborasyon ak Vil Buffalo, Konsèy Transpò Rejyonal Greater Buffalo-Niagara a (Greater Buffalo-Niagara Regional Transportation Council) ak kominote ki nan anviwon yo nan chak enstan pandan pwojè enpòtan sa ap avanse.

**Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare,** "Pwojè Expressway Kensington lan reprezante yon opòtinite istorik pou amelyore sekirite ak mobilite andedan Vil Buffalo ak nan anviwon an epi sa ki enpòtan, rekonèt katye ki te divize yo pandan plis pase yon mwaye syèk. Depatman Transpò a kontan anpil pou fè pwosesis verifikasyon anviwòmantal ki ankou an epi li pa ka tann pou travay ak kominote ak tout patnè nou yo pou devlope pwojè sa pi plis pou ede rekonekte katye yo, youn ak lòt, nan gran Vil Buffalo a ak atravè gran eta New York la."

### **Rekonekte Kominote yo atravè Investisman nan Enfrastriki Entelijan atravè Eta New York:**

Ekspansyon otowout apre epòk Dezyèm Gè Mondyal la te dechire kominote moun koulè yo atravè peyi a, ki dechire tisi katye sa yo nan fason ke yo toujou bezwen reparasyon jodi a. Moun yo te pèdi kay yo ak biznis yo; koneksyon sosyal yo te ranplase pa emisyon machin vitès ak veyikil. Eta New York pa t iminize kont pakou destriksyon sa, ki te frape kominote ki gen ti revni ak kominote minorite yo nan fason ki pa pwopòsyonèl, soti anba lavil Bronx rive Buffalo ak rejyon nò Syracuse la, an anpil kote ant yo de a.

Gouvènè Hochul angaje pou repare domaj erè transpò yo depi plizyè deseni de sa. Nan plas otowout ki gen anpil bui k ap fè polisyon, pwojè sa yo ap bay priyorite a ri pyeton, pou monte bisiklèt ki aktif, ak espas vè ki fèt pou konekte kominote yo ansanm ak ti biznis yo. New York dwe itilize opòtinite fabrikasyon jodi a pou revitalize kominote ki te dechire pa desizyon enfrastrikti nan tan pase yo. Plan Kapital Eta a genyen ladan l apèpre 3 milya dola pou peryòd senk pwochen lane yo pou korije tò sa yo, ki enkli:

**Revitalizasyon Sid Bronx pa Rekonstriksyon Echanjè Bruckner-Sheridan lan nan Hunts Point** - Pwojè sa ki aktyèlman sou sipèvizyon NYSDOT, ap transfòme katye nan Sid Bronx yo lè li korije erè planifikasyon nan tan pase yo, pwoteje sante, epi ranfòse sekirite. Konstriksyon nouvo echanjè otowout la, antre, ak ranp sòti yo, ansanm ak reyabilitasyon Vyadik Bruckner la, ap diminye sikilasyon kamyon komèsyal nan zòn rezidansyèl lokal yo; amelyore mobilite, operasyon, ak sekirite; epi ede diminye risk move kalite lè nan Sid Bronx lan, youn nan kominote ki gen to opresyon ki pi wo nan peyi a. Pwojè a ap enstale tou nouvo amelyorasyon koub, medyàn, pasaj pyeton, ak siyal sikilasyon oswa ki modènize dapre Lwa sou Ameriken Andikape a (Americans with Disabilities Act, ADA); epi konstui yon nouvo wout miltifonksyon ki mezire 2.41 kilomèt, k ap bay yon koneksyon nan wout bisiklèt 138th Street la ki ale nan Randall's Island, Manhattan ak Bronx River Greenway.

**Konvèsyon Freeway Nò nan Inner Loop ki egziste a an yon Boulva Kominotè nan Vil Rochester** - Pwojè Inner Loop Nò a ap konplete retrè otowout Inner Loop la nan Vil Rochester, ki apiye finisyon reyisi pwojè Inner Loop Lès la nan 2017. Nouvo pwojè Inner Loop Nò k ap reyose a ap rekonekte konplètman plizyè kominote nan anba lavil Rochester; bay koneksyon dirèk ak distri Genesee River ak High Falls; konekte epi ogmante investisman ki soti nan pwogram Rivyè ROC; fè pwomosyon koneksyon milti-modal; kreye espas vè klas mondyal; epi fasilite opòtinite pou devlopman ekonomik, ki enkli nouvo devlopman santral.

**Kòmansman Konstriksyon Pwojè Rezo Kominotè I-81 la nan Syracuse** - Zòn pwojè Interstate 81 an sèvi yon koridò depasman ki esansyèl pou Rejyon Santral New York, espesyalman zòn anba lavil Syracuse la. Retrè estrikti anlè ki egziste a ak konstriksyon nouvo Rezo Kominotè a demontre angajman Gouvènè Hochul pou amelyore ranfòse ekite ak opòtinite ekonomik pou katye yo te kite dèyè yo pa konstriksyon sistèm otowout ant eta a. Pwojè a t ap konstui tou nouvo espas vè epi bay aksè pyeton ak bisiklèt ki sekirize pou itilizatè tout laj ak kapasite nan sant anba lavil la.

**Kouvèti pòsyon Expressway Cross-Bronx la pou rekonekte katye yo epi ogmante espas ouvè** - Expressway Cross-Bronx la te divize kominote yo nan Bronx depi konstriksyon li an 1948. Antanke yon gwo koridò transpò, expressway la mennen 175,000 kamyon nan yon jounen nan zòn sa, ki menase kalite lè pou plis pase 250,000 rezidans nan zòn sou kote yo. Efò yo t ap tann depi lontan pou konstui yon pak sou Expressway Cross-Bronx lan t ap rekonekte kominote ki koupe yo pa konstriksyon vyadik la, kreye nouvo espas piblik ki ouvè, ranfòse sekirite bisiklèt ak pyeton, amelyore sekirite sou ri lokal yo, epi diminye enpak negatif aktyèl polisyon bui, polisyon lè, ak polisyon chalè. Gouvènè Hochul angaje pèsonèlman pou fè patenarya ak Vil New York

pou etidye fezabilite seksyon pontaj Expressway la pou reyalize objektif sa yo. Aksyon sa reprezante yon etap enpòtan pou retire baryè fizik ak ekonomik pou rezidan Bronx yo.

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "Nan New York ak atravè peyi a, otowout tankou Expressway Cross Bronx la, I-81 Syracuse la, Expressway Kensington ak Scajaquada Buffalo yo, ak Inner Loop Rochester a te konstui twò souvan nan katye revni ki ba ak kominote moun koulè yo, ki divize vil, limite investisman pou moun ki nan bezwen, epi devaste sante kominote a ak polyan lè ki konsantre nan deplasman veyikil yo. Enfrastrikti ta dwe apiye kominote yo, pa divize yo. Se poutèt sa se yon priyorite pou kreye yon nouvo pwogram federal pou Rekonekte Kominote yo nan kad lwa sou Enfrastrikti ak Travay bipati ke mwen te negosye pou bay finansman ki devwe pou pwojè enpòtan tankou sa yo. Mwen fyè ke nou te bay tou plizyè milya dola finansman federal atravè pwojè lwa enfrastrikti ak travay k ap esansyèl pou fè efò sa yo avanse pou revitalize kominote atravè eta a ki te neglije pandan twò lontan."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Anpil pwojè otowout atravè Eta New York ak peyi a te koupe kè kominote moun koulè yo, dechire katye yo, deplase rezidan yo, epi paralize devlopman ekonomik. Investisman istorik sa ap demare pwosesis pou ranvèsè enjistis sa yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul epi m ap kontinye goumen nan nivo federal pou jwenn resous New York bezwen pou investi nan enfrastrikti ki reyini kominote yo ansanm epi revitalize vil nou yo. Nou dwe kontinye goumen pou yon rekipasyon ki ekitab sou plan anviwònman ak ekonomik pou kominote yo te kite dèyè istorikman yo."

**Reprezantan Brian Higgins te deklare,** "Yo di anviwònman ki konstui a pa net, swa li sèvi pou fè mal oswa pou geri. Desizyon transpò tan pase yo te devaste plizyè ekta nan pak Olmsted la epi dechire katye yo. Grasa vizyon ak lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, tan sa pase. Lè nou travay ansanm nou angaje pou reponn ak enperatif moral anvan nou pou repare tò istorik yo epi fè investisman nan enfrastrikti ki sèvi linite epi ranfòse kominote yo."

**Reprezantan Joe Morelle te deklare,** "Sa se yon investisman ki pote transfòmasyon k ap ini anba lavil Rochester epi ranfòse sant iben nou an nan yon moman li pi nesèsè pandan n ap rekipere de enpak pandemi COVID-19 la. Rekoneksyon sa ap ede nou korije erè jenerasyon anvan yo ki te sèvi sèlman pou majinalize kominote ki defavorize yo pi plis. Finisyon pwojè Inner Loop Nò a te yon gwo priyorite pou mwen depi lontan, epi mwen rekonesan ak Gouvènè Hochul pou sa ki ajoute a. Mwen pa ka tann pou n travay ansanm pou konstui yon avni ki pi ekitab epi enklizif pou Vil Rochester."

**Senatè Tim Kennedy, Prezidan Komite Transpò Sena a, te deklare,** "Sa pa gen lontan, mwen te reyini ak Manm Kongrè Brian Higgins, Lidè Majoritè yo Peoples-Stokes, Majistra Byron Brown, ak Kowalisyon Restore Kominote nou an (Restore Our Community Coalition) pou mande yon EIS akselere pou 33 a. Se te yon fwon ini: patnè eta, federal ak kominotè k ap mande pou repanse Expressway Kensington lan. Jodi a, Gouvènè Hochul te livre pwogrè sa. Lè lajan federal ak eta a vin disponib pou pwojè

tankou sa, nou dwe pare pou mete pèl nan tè a. Etid sa ap mennen nou yon pa an avan pou reyalize sa."

**Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare,** "Konstriksyon Expressway Kensington lan nan kè katye ki divize Kot Sid Buffalo a epi li izole rezidan yo, ki lakoz domaj ki dirab pou kominote a ki pèsiste pandan plis pase 50 ane pi ta. Pandan travay pou transfòme Koridò Scajaquada a ap vanse, mwen kontan anpil pou selebre anons jodi a sou avni Expressway Kensington lan. Otowout sa yo make peyizaj la epi detui vizyon rederick Law Olmsted lan. Restorasyon Pak Delaware ak Humboldt Parkway ak rekoneksyon katye nou yo ap yon viktwa istorik pou Buffalo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li rekonèt enpòtans pou rekonekte kominote nou yo, epi dèske li pwofite de opòtinite ra sa pou fè chanjman k ap amelyore lavi Moun Buffalo yo pou jenerasyon ki gen pou vini yo."

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Kouvèti Route 33 a se yon opòtinite inik pou redrese domaj jenerasyonèl Expressway Kensington lan te fè a lè li te dechire epi koupe katye Martin Luther King ak Hamlin Park yo. Trafik chak jou 70,000 machin nan te afekte sante rezidan yo negativman epi diminye valè pwopriyete yo. Lè nou restore kominote sa yo se yon kesyon jistis rasyal, kalite lavi, sante anviwònman, ak devlopman kominotè pandan n ap redrese tou bezwen enfrastrikti Expressway Kensington lan. Sa t ap yon etap enpòtan pou reinifye katye yo epi geri blezi ki gen plizyè deseni yo. Mwen bat bravo epi mwen apresye lidèchip ak sipò Gouvènè Hochul ki rejwenn efò ki gen 15 lane nou an pou atake pwojè Expressway Kensington /ROCC a."

**Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare,** "Lè nou repare erè enfrastrikti a tan pase a, sa se yon gwo pa nan rekoneksyon kominote yo ak amelyorasyon kalite lavi nou an jeneral. Plan Kapital Eta a ke Gouvènè Hochul te pwopoze a ap egzamine enpak ak avni Expressway Kensington lan nan Buffalo, k ap chèche yon mwayen pou resotre koneksyon ak katye istorik Humboldt Parkway la, k ap fasilite travik san veyikil epi reyini moun ansanm. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou vizyon ak volonte li pou atake pwojè enpòtan sa yo, ke nou espere ap mennen nan restorasyon kominote atravè gran eta nou an"

**Majistra Buffalo, Byron W. Brown, te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèske li akselere pwosesis pou rekonekte katye yo ki te koupe pa konstriksyon Expressway Kensington lan. Sa se yon moman enpòtan nan efò depi lontan pou kreye yon Vil Buffalo ki enkluzif epi ekitab. Lè nou rekonekte kominote sa yo ansanm ankò, sa ap pote benefis sosyoekonomik, vizyèl, sosyal, ak emosyonèl ekstraòdinè pou jenerasyon k ap vini yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)